

DEKLARASYON ENFÒMASYON SOU VAKSEN

Vaksen kont MMR (Lawoujòl, Malmouton, ak Riberyòl): Sa ou Dwe Konnen

Many vaccine information statements are available in Haitian Creole and other languages. See www.immunize.org/vis

Genyen plizyè deklarasyon enfòmasyon sou vaksen an ki disponib nan lang panyòl ak lòt lang yo. Gade sou www.immunize.org/vis

1. Poukisa pou pran vaksen?

Vaksen kont MMR kapab anpeche w pran **lawoujòl, malmouton, ak riberyòl.**

- **LAWOUJÒL (MEASLES, M)** kapab bay lafyè, tous, nen k ap koule sòs, epi je wouj ak je drandran, anpil fwa ki mache ak yon gratèl nan tout kò a. Li ka fè tonbe kriz (anpil fwa ki asosye ak lafyè), enfeksyon nan zòrèy, dyare, ak nemoni. Raman, lawoujòl kapab lakòz domaj nan sèvo oswa lanmò.
- **MUMPS (M)** lakòz lafyè, maltèt, doulè nan misk yo, fatig, pèt apeti epi li fè fè glan salivè yo anfle epi sansib anba zòrèy yo. Li kapab rann ou vin soud, anvlòp sèvo a anfle epi/oswa mwèl epinyè a, testikil oswa ovè yo anfle epi ap fè mal, epi, trè raman lakòz lanmò.
- **RIBERYÒL (RUBELLA, R)** bay lafyè, gòj fè mal, gratèl, maltèt, epi fè je yo sansib. Li kapab lakòz atrit lakay jiska mwaye fanm ki nan laj adolesans epi ki granmoun. Si yon moun pran riberyòl oandan li ansent, li kapab fè fos kouch oswa tibebe a kapab fèt ak gwo enpèfeksyon.

Majorite moun ki pran vaksen kont MMR ap gen pwoteksyon pou lavi. Vaksen yo ak to vaksinasyon ki wo rann maladi sa yo pa popilè nan peyi Etazini.

2. Vaksen kont MMR

Timoun yo genyen bezwen pran de (2) dòz vaksen kont MMR yo jeneralman,:

- Premye dòz apati 12 jiska 15 mwa
- Dezyèm dòz apati 4 jiska 6 lane

Tibebe ki pral vwayaje deyò peyi Etazini yo nan moman yo genyen ant sis (6) ak 11 mwa dwe pran dòz vaksen kont MMR yo an avan vwayaj lan.

Timoun sa yo dwe toujou pran de (2) lòt dòz nan laj yo rekòmande a pou yo gen pwoteksyon alontèm,

Timoun ki pi gran yo, adolesan, ak granmoun yo bezwen youn (1) oswa de (2) dòz vaksen kont MMR

MMR VIS - Haitian Creole (8/6/21)

si w yo poko pwoteje kont lawoujòl, malmouton, akriberyòl. Pwofesyonèl swen sante ou an kapab ede ou deside sou konbyen dòz w ap bezwen.

Yo kapab rekòmande yon twazyèm (3) dòz malmouton pou kèk moun si genyen epidemi.

Yo kapab bay vaksen kont MMR a an menm ak lòt vaksen. Timoun ki gen sòti 12 mwa rive 12 lane yo ka pran vaksen kont MMR lan ansanm ak vaksen kont varisèl nan yon sèl piki, yo konnen sou non MMRV. Pwofesyonèl swen sante ou an kapab ba ou plis enfòmasyon.

3. Diskite ansanm ak pwofesyonèl swen sante ou an

Di founisè vaksinasyon ou an si moun lan ap pran vaksen an:

- Li te gen yon **reyaksyon alèjik aprè yon ansyen dòz vaksen kont MMRV**, oswa genyen tout **alèji ki grav, ki kapab bay lanmò**
- Li **ansent** oswa panse li kapab tonbe—moun ki ansent yo pa dwe pran vaksen kont MMR
- Li genyen yon **sistèm iminitè ki fèb**, oswa genyen yon **paran, frè, oswa sè ki genyen yon antedanan ereditè oswa pwoblèm nan sistèm iminitè jenetik**
- Li te deja genyen yon **maladi ki kapab genyen bouton oswa senyen byen fasil**
- Li te resevwa yon **tranfisyon san oswa lòt pwodwi abaz sanpa twò lontan**
- Li fè **tibèkiloz**
- Li te resevwa **lòt vaksen pandan kat (4) semèn ki sot pase yo la**

Nan kèk ka, pwofesyonèl swen sante timoun ou an kapab deside pou ranvwaye vaksinasyon kont MMR pou yon lòt vizit.



U.S. Department of Health and Human Services
Centers for Disease Control and Prevention

Moun ki genyen maladi minè yo, tankou yon rim, kapab pran vaksen. Moun ki pa twò malad oswa malad anpil yo jeneralman dwe rete tann jiskaske yo geri avan pou yo pran vaksen kont MMR an.

Pwofesyonèl swen sante ou an kapab ba ou plis enfòmasyon.

4. Risk reyaksyon ak yon vaksen

- Doulè nan bra kote yo bay piki a, reyaksyon alèjik kote yo bay vaksen an, lafyèv, ak yon ti gratèl ka rive aprè vaksinasyon kont MMR.
- Anflamasyon glann ki nan machwè yo oswa kou oswa doulè tanporè ak jwenti yo ki rèd (anpil fwa lakay adolesan yo oswa jèn granmoun yo) pafwa ki parèt aprè yo fin pran vaksen kont MMR.
- Raman genyen plis reyaksyon ki grav ki parèt. Sa yo genyen ladan yo kriz (souvan ki lye ak lafyèv) oswa kantite plakèt tanporè ki ba ki kapab pwovoke emoraji oswa boul ble ki pa konn abitye fèt.
- Moun ki gen gwo pwoblèm sistèm iminitè yo, vaksen sa a ka lakòz yon enfeksyon ki ka menase lavi yo. Moun ki gen gwo pwoblèm sistèm iminitè pa ta dwe pran vaksen kont MMR.

Pafwa genyen moun ki endispoze aprè pwosedi medikal yo, menm vaksinasyon ladan li. Di pwofesyonèl swen sante ou an sa si w santi w pa byen oswa genyen chanjman an chan vizyon ou oswa zòrèy ou ap bouyi.

Menm jan ak nenpòt medikaman, genyen yon risk ki fèb anpil pou yon vaksen lakòz gwo reyaksyon alèjik, lòt blesi ki grav, oswa lanmò.

5. Kisa k ap pase si genyen yon pwoblèm ki grav?

Yon reyaksyon alèjik kapab parèt aprè moun ki vaksinen an kite lopital lan. Si w konstate yon reyaksyon alèjik ki grav (itikè, figi ak gòj ki anfle, gen difikilte pou respire, batman kè rapid, vètij, oswa feblès), rele 9-1-1 epi ale ak moun lan nan lopital ki prè a.

Pou lòt siy ki ba ou kèk enkyetid, rele pwofesyonèl swen sante ou an.

Ou dwe deklare reyaksyon efè negatif yo nan Sistèm Notifikasyon Efè Negatif Vaksen yo (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS). Pwofesyonèl swen sante ou an jeneralman pral depoze rapò sa a, oswa ou kapab fè sa a pou kont ou. Vizite sitwèb VAERS lan sou www.vaers.hhs.gov oswa rele nan 1-800-822-7967. VAERS sèlman la pou rapò te reyaksyon yo, epi manm ekip VAERS yo pa bay konsèy medikal.

6. Pwogram Nasyonal Konpansasyon Viktim Vaksen yo (The National Vaccine Injury Compensation Program)

Pwogram Nasyonal Konpansasyon viktim Vaksen yo (National Vaccine Injury Compensation Program, VICP) se yon pwogram federal yo kreye pou bay moun kèk vaksen ba yo pwoblèm rekonpans. Reklamasyon konsènan blesi oswa lanmò vaksen an lakòz genyen yon kantite tan pou fè depo a, ki kapab soumèt nan yon delè de (2) lane. Vizite sitwèb VICP lan sou www.hrsa.gov/vaccinecompensation oswa rele nan 1-800-338-2382 pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram lan epi konsènan fason pou depoze yon reklamasyon.

7. Kijan pou jwenn plis enfòmasyon?

- Mande pwofesyonèl swen sante ou an.
- Rele depatman sante ki nan rejyon ou an oswa eta ou an.
- Vizite sitwèb Administrasyon Mediaman ak Alimantasyon (Food and Drug Administration, FDA) pou fich vaksinasyon ak lòt enfòmasyon sou www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/vaccines.
- Kontakte Sant Kontwòl Maladi ak Prevansyon (Centers for Disease Control and Prevention (CDC):
 - Rele nan 1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO) oswa
 - Vizite sitwèb CDC sou www.cdc.gov/vaccines.

